



## LYNN PUBLIC SCHOOLS

100 Bennett Street Lynn, MA 01905

Telefòn 781-477-7220

Direktiv sou COVID-19

Ane Lekòl 2021/2022

Byenvini Fanmi LPS yo,

Lynn Public Schools vle asire ou ke sante ak sekirite timoun ou an se priyorite prensipal nou. Pou nou ka kreye yon anviwònman pou tout kominote lekòl la aprann an sekirite epi anpeche pwopagasyon maladi pandan pandemi COVID-19 la, nou pral mete anplas direktiv annapre yo:

**Kontwòl Sante Chak Jou:** Paran/Responsab yo pral kontwole timoun yo chak jou pou COVID-19 oswa pou sentòm maladi a. Elèv la dwe rete lakay si li gen sentòm. Paran/responsab yo pral rapòte sentòm oswa ekspozisyon ak maladi a bay enfimyè lekòl la ki pral bay plis enstriksyon ak otorizasyon pou retounen lekòl. Pèsonèl la pral kontwole tèt yo pou sentòm oswa ekspozisyon epi ap enfòme enfimyè lekòl la anvan yo vini lekòl. Tout vizitè yo pral sibi tès depistaj lè yo rive nan nenpòt bilding lekòl la.

**Vwayaj:** Moun ki pa vaksinen yo ki vwayaje andeyò eta a dwe rete lakay yo enpi enfòme enfimyè lekòl la pou jwenn plis enstriksyon.

**Mask:** Tout elèv, pèsonèl ak vizitè yo pral gen obligasyon pou mete yon mask ki fèt ak twal oswa mask chirijikal pandan yo anndan oswa nan yon bis. Si yon moun pa kapab mete mask, tanpri voye yon nòt medikal bay enfimyè lekòl la. Nou pa otorize twal nan kou ki kouvri figi (gaiter, buff) mouchwa mare (bandana), vit pou figi poukont yo oswa mas ki gen degajè.

**Distans Sosyal:** Pa gen okenn egzijans sou distans fizik. Biwo elèv yo pral gen yon distans 3 pye si posib. Elèv yo pral gen plas espesifik pou yo chita epi y ap rete nan gwoup si sa posib.

**Ijèn pou Men:** Ap gen dezenfektan pou men nan antre lekòl la ansanm ak nan chak salklas. Elèv yo ak pèsonèl la pral itilize dezenfektan pou men oswa lave men yo lè yo antre/soti; anvan yo manje; apre yo fin manyen figi yo; apre yo fin itilize twalèt la; epi pandan tout jounen lekòl la jan sa nesèsè. Nou pral bay pèsonèl la ekipman pou pwoteksyon pèsonèl jan sa nesèsè.

**Dezenfeksyon:** Jeran yo pral dezenfekte kote moun manyen souvan ak salklas yo nan fen jounen an jan sa nesèsè pandan tout jounen lekòl la.

**Notifikasyon:** Fanmi yo ak pèsonèl la pral resevwa notifikasyon si lekòl yo a gen yon ka COVID-19 ki rapòte. Moun yo idantifye kòm moun ki te gen kontak pwòch pral resevwa yon apèl nan men konsèy sante lokal la oswa enfimyè lekòl la.

Mèsi pou koperasyon ak konpreyansyon ou! Lynn Public Schools devwe pou li evalye, ajiste epi kominike chanjman yo ba ou pandan tout ane lekòl la.

### **RESOUS:**

**Direktiv DESE (Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè) pou COVID-19:**

<https://www.doe.mass.edu/covid19/on-desktop.html>

**Vwayaj:** <https://www.mass.gov/info-details/covid-19-travel>

**Lokal pou Tès Covid:** <https://cityoflynn.net/covid19/testing.shtml>

**Sit Vaksinasyon:** <http://www.lynnma.gov/covid19/vaccine.shtml>